# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

## प्रस्तुतकर्ता



# रूपवती रानी एस्तेर


लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Janie Forest
अनुवादकः सुरेश मसीह
अनुकूलित: Ruth Klassen



कहानी 30 से 60

**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

बहुत समय पहिले एगो सुन्दर रानी रहली। उनकर नाम एस्तेर रहल। जब उनकरी माता -पिता क देहांत हो गइल; तब उनकर चचेरा भाई मोर्दकै उनके अपनी घरे ले अइलन। एस्तेर एगो बढ़ियाँ बेटी की तरह आज्ञां मानके अपनी चचेरे भाई क आदर करत रहली।



1



एस्तेर फारस में रहत रहली लेकिन उ फारसी ना रहली। उ यहूदी रहली। उनकर पूर्वज युद्ध की दौरान कैदी बनाके इहाँ लीयावल गइल रहलें। एस्तेर की समय काल में, इहाँ बहुत सब यहूदी रहल करत रहलें।

2


एस्तेर फारस में रहत रहली लेकिन उ फारसी ना रहली। उ यहूदी रहली। उनकर पूर्वज युद्ध की दौरान कैदी बनाके इहाँ लीयावल गइल रहलें। एस्तेर की समय काल में, इहाँ बहुत सब यहूदी रहल करत रहलें।
3
ई देखावे खातिर कि औरत लोग अपनी पति क आदर करें, राजा एगो नियम निकललें, एही नियम की चलते रानी क राजमुकुट ले लिहल गइल। अब उ रानी ना रहली।
4
एगो नाया रानी की तालाश क ऐलान कइल गइल। उनकरी राज्य में बहुत सुन्दर लड़की लोग रहली। उन्हन में से राजा, एस्तेर के आपन पत्नी बनावे खातिर चुनलन। राजमुकुट, रानी के पहिनवलन। एस्तेर राजा के ई बात ना बतवली की उ यहूदी हइ; काँहे से कि उनकर चचेरा भाई मोर्दकै अइसन बतवला से माना कइले रहलन।
5
चचेरा भाई मोर्दकै राजमहल की प्रवेश फाटक पर समय बितावत रहलन। ताकि उनके एस्तेर क समाचार मिलत रहे।
एक दिन दूगो राजसेवक राजा के जान से मरला क बात करत रहलें। ए बात के मोर्दकै सुन लिहलन। मोर्दकै ए बात के राजा की पास पंहुचा दिहलन। जेवनी चलते राजा बच गइलन। सेवकन के फांसी पर लटका दिहल गइल अउर मोर्दकै क नाम राजा की इतिहास की पुस्तक में लिख दिहल गइल।
6
राजा एगो हामान नामक व्यक्ति क पद ऊँचा कइलन जे धनवान भी रहल। जब हामान रास्ता से गुजरत रहलन, तब सब लोग उनके दण्डवत कइल करत रहलें; सिर्फ एगो व्यक्ति की अलावा जे यहूदी रहलन। उ सिर्फ अपनी जीवित परमेश्वर क आराधना करत रहलन।
7
हामान मोर्दकै से बहुत नफरत करत रहलन। उ उनके अउर फारस कै सब यहूदियन के जान से मरला क फैसला कइलन। दुष्ट हामान बहुत चालाकी से राजा से एगो नाया अध्यादेश निकालवाके आदेश पत्र पर दस्तखत ले लिहल। जेवना मे ओ राज्य की सब यहूदी लोगन के मार डलला के चर्चा कईल गइल रहे।
8


ई बहुत ही सख्त आदेश रहल। यहूदी अउर फारसी ए आदेश से बहुत शोकित भइलें। लेकिन याद रहे की परमेश्वर एस्तेर के रानी बनवलें। उ एगो यहूदी रहली। तअ का उ ए रहस्य के राजा से छुपा के रखिहन? या अपनी जान के खतरा में डाल के अपनी लोगन के बचवला क प्रयास करिहन?
9
परमेश्वर एस्तेर के एगो चतुराई भरल तरीका दिहलन। उ राजा अउर हामान के एगो भोज पमें अइला क नेवता दिहली। एक बार राजा रानी से वायदा कइले रहलन कि जेवन उ मांगिहन उ सब पूरा कइल जायी। राजा अउर हामान, हमरी द्वारा तैयार की भोज में आवें ... ओही घड़ी उ राजा से मांगिहन कि उ का चाहत बाड़ी।
10
ओहि वक्त हामान एगो बहुत ऊँच फांसी क खम्भा मोर्दकै की खातिर तैयार कइलन।
11
ओ रात राजा सूत ना पवलन। राजा अदालत की रखल पुस्तकन के पढ़त रहलन। जहाँ ई लिखल पढ़लें की मोर्दकै के कभी भी उनकरी जान बचवला क प्रतिफल ना दिहल गइल रहे। अगली सुबह राजा हामान से पूछलन, यदि कवनो मनुष्य के राजा प्रतिष्ठा देबल चाहे; तअ ओकरी खातिर राजा के का
कईल उचित होई? हामान ई सोचलन की हमरी अलावा अउर के हो सके ला।
12
हामान मोर्दकै के फांसी पर लटकावे खातिर राजा से अनुमति लिहला खातिर आइल रहलन। खम्भा तैयार रहल। लेकिन अभी इंतज़ार करत रहलन। ए विचार के ध्यान में रखला की साथ राजा की सामने रखलन की उन के राजा की तरह वस्त्र अउर मुकुट पहिनावल जाँव।
13
राजा की घोड़ा पर बैठाके नगर की चौराहा में उनके घुमावल जॉव ताकि सब लोग देखें। मोर्दकै की साथ इहे कइल जॉव, राजा हामान के ई आदेश दिहलन।
14













रूपवती रानी एस्तेर

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

एस्तेर

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !